работе мы определили следующие педагогические условия:

-формирование интереса к математике;

-использование народной математики при формировании логико-математической компетенции;

-применение частей народной математики при организации разных видов деятельности во время досуга.

Для реализации первого педагогического условия используются элементы народной математики: сказки, счетчики, загадки и т.д. Дети активно и с любопытством вслушиваются во все слова и охотно сотрудничают с педагогом.

Чтобы убедить питомцев в необходимости математики для их будущей жизни, важное значение имеет показ ее в действии, использовании для решения задач практики. Сначала нужно провести соответствующую беседу с детьми, где на конкретных примерах выясняют суть задач на поиск оптимального решения. После этого можно использовать математические сказки.

Итак, проиллюстрировано, как с помощью реализации педагогических условий можно использовать в обучении дошкольников элементам народной математики для развития их логико-математической компетенции. Ведь логико-математическое развитие дошкольника – один из важнейших аспектов его подготовки к школе, поскольку, прежде всего, способствует формированию у будущего школьника умения решать интеллектуальные и практические задачи в различных видах деятельности, оперировать моделями решения.

**Литература**


1. Михайлова З.А. Теории и технологии математического развития детей дошкольного возраста. СПб., 2008.
2. Щербакова Е.Н. Теория и методика математического развития дошкольников. - М.: 2005.
3. Бабаева Т.И. Детство: Примерная образовательная программа дошкольного образования. СПб., 2014.
4. Воронина Л.В. Знакомим дошкольников с математикой. - М.: 2011.
5. Данилова В.В. Обучение математике в детском саду. - М.: 2008.
6. Adilbekovna, T. G., & Qizi, E. M. A. (2022). Development of intelection of preschool children in mathematics classes. ACADEMICIA: An International Multidisciplinary Research Journal, 12(11), -P.164-167.



**РЕЗЮМЕ.** Мақолада мактабгача ёшдаги болаларнинг мантиқий ва математик қобилиятларини шакллантириш хусусиятлари, шунингдек, бола ривожланишининг муҳим ва зарур таркибий қисми бўлган халқ математикаси ва уни ҳаётнинг турли соҳаларида компетенциясини шакллантириш масалалари муҳокама қилинади. .

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматривается освещение особенностей формирования логико-математической компетенции дошкольников, а также народная математика, которая является важной и необходимой составляющей развития ребенка и формирование его компетентности в разных сферах жизни.

**SUMMARY.** The article discusses the coverage of the features of the formation of logical and mathematical competence of preschool children, as well as folk mathematics, which is an important and necessary component of the development of a child and the formation of his competence in various spheres of life.


## ЗАМАНАГӨЙ ТӘЛИМДЕ КӨРКЕМ ҚӘНИГЕЛИК КОМПЕТЕНЦИЯЛАРДЫ ҚӘЛИПЛЕСТИРИЎ МӘСЕЛЕЛЕРИ


**Т.В.Уразимова –** *көркем-өнер таныў илимлериниң кандидаты, доцент*

**Н.Кунназарова –** *магистрант*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



**Таянч сўзлар:** педагогика, таълим жараёни, касбий компетенциялар, тасвирий санъат, ижодкорлик.

**Ключевые слова:** педагогика, процесс образования, профессиональные компетенции, изобразительное искусство, творчество.

**Key words:** pedagogy, education process, professional competencies, graphic arts, art.


Бүгинги күни билимлендириў системасының сүўретлеў өнери тараўындағы тийкары болажақ оқытыўшылардың кәсиплик компетентлилигин сүўретлеў өнери жәрдеминде қәлиплестириў мүмкиншилиги болатуғынлығы гүмансыз. Көринип турған унамлы өзгерислер (билимлендириў мәкемелериниң көп түрлилиги, билимлендириў бағдарламаларының өзгерислилиги), кәсиплик билимлендириў тараўындағы көплеген инновациялық процеслердиң раўажланыўын сезилерли жеделлестирди.

Бүгинги күни кәсиплик билимлендириўдиң баслы мақсети – тек ғана талабаларда келешектеги кәсиби ушын керекли болған билимлер ҳәм әмелий уқыплылықлар системасын қәлиплестириў емес, ал болажақ сүўретлеў өнери оқытыўшысының кәсиплик компетентлилигиниң ажыралмас бөлеги болып есапланатуғын, жоқары әдеп-икрамлы, социаллық жетилискен, белсенди дөретиўши инсанды да тәрбиялаў болып табылады.

Инсанның эстетикалық тәрбиясындағы көркем өнериниң әҳмийетли роли сүўретлеў өнериниң, көркем дөретиўшиликтиң өзиниң өзине тән айрықшалығы менен түсиндириледи. Бириншиден, көркем сүўрет (ал қәлеген сүўрет ҳәм қәлеген живопислик жумыс ис жүзинде усындай сүўрет болып табылады), сүўретленип атырған объекттиң формасының қурылысының сайма-сайлығынан, объекттиң барлық бөлеклериниң бир-бирине сәйкес келиўинен, сыртқы көринисиниң сулыўлығынан, олардың контурларының ийкемшиллигинен, жүзениң реңлер өзгешеликлериниң үнлесиклилигинен ибарат болған, сүўретленип атырған объекттиң эстетикалық мазмунын сәўлелендиреди. Екиншиден, көркемлик тилдиң тәсирли усыллары – композиция, сүўрет, живопись, жақтылық көлеңкеси, реңлер сәйкеслиги ҳәм т.б. – өзиниң тийкары бойынша эстетикалық мазмунға толы ҳәм инсанның көркем дөретиўшилигиндеги ҳақыйқатлықты бериўдиң сүўретлеп көрсетиўши-тәсирли қураллары болып табылады. Ҳәм, тағы да сүўретлеў барысы оқыўшыда заттың сулыўлығына қызығып, таңланыў, өзиниң салған сүўретине оғада қуўаныў, қәлем, қылқәлем ҳәм бояўлар жәрдеминде өзиниң сол затқа болған қатнасын, сезимлерин басқа адамларға бериў мүмкиншилигинен шадланыў сезимлерин пайда етеди. Булардың барлығы сүўретлеў өнериниң дерлик ҳәр бир сабағында инсанда эстетикалық түсиниўдиң ҳәм қабыл етиўдиң, эстетикалық қызығыўшылықлардың, эстетикалық сезимлердиң ҳәм үйрениў-дөретиўшилик жигерлиликтиң раўажландырылыўында кең мүмкиншиликлерди ашып береди. Үйрениў-дөретиўшилик белсендилик оқытыў-тәрбия процесиниң нәтийжели табысы болып, ол инсанның ақыллылық ҳәм дөретиўшилик дәрежесин белгилейди.

Сүўретлеў өнери оқытыўшысының кәсиплик таярлығындағы педагогикалық сүўреттиң орынын белгилей отырып, оқытыўшының қәлеген таярлығының тийкары – бул, өзиниң пәни ҳәм оны оқытыўдың методикасы тараўындағы беккем билимлер, шеберликлер ҳәм уқыплылықлар, ал педагогикалық

сүўрет – онда онысы, да бунысы да қәлиплесетуғын фундамент тийкары екенлигин айрықша атап өтиў керек [1:194-195].

Белгили конкрет сүретлеў өнери педагогының кәсиплик компетенцияларына байланыслы болса, онда жоқарыда айтып өтилгенлерге қосымша, педагогтың социаллық-кәсиплик жағдайын (ийелеген орнын, статусын) ҳәм маманлығын белгилейтуғын, бир қатар компетенциялар менен толықтырылады:

- педагогтың талабаларды сүўретлеў өнери искерлигиниң оғада көп ҳәр қыйлы түрлери ҳәм олардың дүнья жүзи мәдениятында ийелеген орны менен таныстыра алыў уқыплылығы;
- талабаларды реалистлик сүўрет, живопись, композиция, терминология бойынша билимлерди қалайынша ийелеўге болатуғынлығына үйретиўди билиў;
- талабаларда натурадан сүўрет салыў, ядында сақланғанлары бойынша, көз алдына келтириў бойынша сүўрет салыў көнликпелерин қәлиплестире алыў;
- талабаларды өз бетинше жумыс ислеўдиң методларын ҳәм усылларын ийелеўге қалайынша үйретиўди билиў;
- талабаларды ҳәр түрли көркемлик материаллар менен жумыс ислеўге үйрете алыў;
- талабаларға жәмәтте ислей алыў көнликпелерин сиңдире алыў, оларды ҳақ нийетлиликке, бир бирине жәрдем бериўге ҳәўесликке үйрете алыў;
- талабаларда сүўретлеў өнерине уқыплылықты, гөззаллықты түсиниў уқыплылығын, көркемлик талғамды, қызығыўшылықты, кеңисликли, стандарт емес ойлаўды, қыял етиўди раўажландыра алыў;
- талабаларда қоршап турған дүньяны түсинип қабыл етиў арқалы көркем дөретиўшилик искерликке қызығыўшылықты тәрбиялай алыў;
- талабаларда дөретиўшилик жекке өзине тәнликти қалайынша қәлиплестириўди билиў.

Сүўретлеў өнери педагогының кәсиплик компетенцияларының дизими, педагогтың өзиниң жеке қәсийетлери ҳәм уқыплылықларына, ҳәм сондай-ақ оқытыўдың белгили дәўирине жобаластырылған мақсетлер ҳәм ўазыйпаларға байланыслы бәрқулла толықтырылып ҳәм өзгертилип барады.

Болажақ оқытыўшылардың кәсиплик компетентлилигин сүўретлеў өнери жәрдеминде қәлиплестириў көп тәрепи бойынша, ол жерде компетентлиликтиң тийкарғы көрсеткиши дөретиўшилик жумыста қолланылатуғын перспективалардың ҳәр қыйлы түрлериниң нызамларын билиў ҳәм көркемлик усыллардың арсенал жыйындысын – композицияны, жақтылық көлеңкесин, реңди ҳәм реңлер сәйкеслигин, пластиканы ҳәм динамикалы ҳәрекетлиликти – кәсипшиллик пенен ийелеў болып табылатуғын, сүўретлеў өнери тараўындағы дөретиўшилик шеберлик пенен байланыслы. Болажақ оқытыўшылардың кәсиплик компетенциясын көркем өнери жәрдеминде қәлиплестириўдиң баслы мақсети, көркем дөретиўшиликтиң, ҳәзирги заман талапларының комплекс жыйындысына жуўап беретуғын, принциплерине ҳәм методларына оқытыў ҳәм тәрбиялаў болып табылады.

Сонлықтан жоқары оқыў орынларының исши оқыў бағдарламасын болажақ оқытыўшылардың кәсиплик компетенцияларының сүўретлеў өнери жәрдеминде қәлиплестирилиўин есапқа ала отырып қайта қарап шығыў зәрүр. Сүўретлеў өнери тараўындағы ҳәр бир тапсырма бойынша оған көргизбели қолланбалар ҳәм шынығыў кестелери қосып берилетуғын методикалық кеңеслерди нәзерде тутыў керек. Талабаның сүўретлеў өнерин үйрениўиниң әҳмийетли методикалық тәрепи, оның қойылған мәселени анық түсиниўине ҳәм сүўретленип атырған объектти терең үйрениўине тийкарланған, дөретиўшилик процеске саналы түрде түсинип-белсенди кирисиўи болыўы тийис. Композициялық көнликпелердиң раўажландырылыўына, сүўретлеў тегислик бетин қәтесиз, көркем ҳәм тәсирли шөлкемлестириў шеберлигине де үлкен әҳмийет бериледи. Усы мәселелердиң барлығының шешилиўи болажақ оқытыўшылардың кәсиплик компетенцияларын сүўретлеў өнери жәрдеминде қәлиплестириў ушын сүўрет салыўда оқытыўдың мазмунын ҳәм улыўма принциплерин белгилейди ҳәм талаба тәрепинен де, тап сондай-ақ, педагог тәрепинен де үлкен күш салыўларды талап етеди.

Сүўретлеў өнери бойынша қәнигелерди таярлаўдың баслы мақсети талабаны сүўретлеў өнериниң, ҳәзирги заман талапларының комплекс жыйындысына жуўап беретуғын принциплерине ҳәм методларына оқытыў, оқытыў ҳәм тәрбиялаў; талабаларды сүўретлеў өнери тараўында топланған халық аралық көркемлик тәжирийбелердиң тийкарлары менен таныстырыў; ҳәр қыйлы түрдеги дөретиўшилик жойбарларды ислеп шығыўдың әмелий усылларын ҳәм жолларын өзлестириўге жәрдем бериў; оларды сүўретлеў өнери усыллары менен қәнигели орынлаўға үйретиў – болып табылады.

Бүгинги күни кәсиплик компетентлиликтиң, қәнигеге оның кәсиплик искерлигиниң шегарасынан тысқарыда керекли болатуғын, айырым түрлери анықланған. Бул – айырым кәсиплик сыпат қәсийетлер, кәсиплик минез-қулықтың түрлери ҳәм көплеген искерлик түрлериниң тийкары. Олар, социаллық тәжирийбениң өзгерислерине, ҳәм өндиристиң модернизацияланыўына қарамастан өзиниң баҳасын ҳәм мәнисин жоғалтпайды.

Ҳәзирги замандағы кәсиплик билимлендириўге, оның бүгинги жәмийетиндеги глобаль дүнья жүзилик өзгерислер жағдайында иске асырылыўы тән. Өзбекстан Республикасында реформалаў жәмийеттиң социаллық-экономикалық ҳәм сиясий қурылысындағы өзгерислер менен байланыслы, ҳәм бул жаңа әўлад қәнигелерин таярлаўды талап етеди. Усыған байланыслы, ҳәзирги заман мийнет базарында бәсекиге түсе алатуғын, кәсиплик-компетентли қәнигелерди таярлаўға қаратылған бағдарланыўлар пайда болды.

**Әдебиятлар**

1.Уразимова Т.В. Педагогические предпосылки развития художественно-творческих способностей студентов высших учебных заведений Узбекистана средствами изобразительного искусства. Проблемы современного образования. – Москва: 2021. №4 -С. 193-204.

**РЕЗЮМЕ.** Мақола тасвирий санъат орқали болажак ўқитувчиларнинг касбий маҳоратини шакллантиришга бағишланган. Бу ерда эстетик тарбия муҳим роль ўйнайди, бу шахснинг дунёқараши, интеллектуал ва ижодий потенциалини ривожлантиришга ёрдам беради. Шунинг учун таълим жараёни ижодий одамнинг таълимга, мулоқот, ҳаётнинг турли соҳаларида ҳамкор бўлишга тайёр бўлиши керак.

**РЕЗЮМЕ.** Статья посвящена вопросам формирования профессиональной компетенции будущих учителей средствами изобразительного искусства. Не последнюю роль здесь играет эстетическое воспитание, способствующее активизации развития мировоззрения, интеллектуальных и творческих потенций личности. Поэтому процесс образования необходимо основывать на создании условий для воспитания творческой личности, готовой к диалогу, сотрудничеству и сотворчеству в различных сферах жизни.

**SUMMARY.** The article is devoted to the formation of the professional competence of future teachers by means of fine arts. An important role here is played by aesthetic education, which contributes to the intensification of the development of the worldview, intellectual and creative potentials of the person. Therefore, the education process must be based on creating conditions for the upbringing of a creative person who is ready for dialogue, cooperation and co-creation in various spheres of life.